QARAQALPAQSTAN
RESPUBLIKASI
SHIMBAY RAYONI
HA' KIMI
SHESHIMI

QORAQALPOQ'STON
RESPUBLIKASI
CHIMBOY TUMANI
HOKIMI
QARORI

Shımbay rayonı | Chimbay tumani

№209 | 07-февраль 2020-жыл

Районда 2020-жылда жумыссыз деп табылған пуқараларды жумысқа орналастырыў, жәмийетлик жумысларға қатнастырыў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы «Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында»ғы Нызамының 17, 22-статьялары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-октябрь күнги 799-санлы қарары менен тастыйықланған «Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Реже талапларына муўапық халықтың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде ҳәм «Өзбекстан Республикасы Бәнтлик ҳәм мийнет мүнәсебетлери министрлиги жанындағы Жәмийетлик ислери қоры хызметин шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамларына тийкарланып,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1. Төмендегилер:

А) Пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыўды шөлкемлестириў бойынша районлық исши топар қурамы 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

Б) Шымбай районы бойынша 2020-жылда белгиленген тәртипте жумыссыз деп табылған пуқараларды ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға жибериў қадағалаў көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық;

В) Шымбай районы аймағында жумыс излеўши сыпатында дизимге алынған пуқаралар ушын ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрханалар дизими 3-қосымшаға муўапық;

2. Төмендегилер:

А) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-октябрь күнги 799-санлы қарары менен тастыйықланған «Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Режениң 2-бөлимине муўапық бюджет мәкемелер ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға жиберилген жумыссыз ҳәм бәнт емес пуқаралардың ис-ҳақысының 100 пайызы муғдарын қаржы менен тәмийинлеў жумыс пенен тәмийинлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылады;

KO'SHIRMESI DURIS
_____ 20 __ y.

Басқа кәрхана, исбилерменлик субъектлери ҳәм фермер хожалықларына ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға жиберилген жумыссыз ҳәм бәнт емес пуқаралардың ис-ҳақысының 50 пайызы муғдарын қаржы менен тәмийинлеў жумыс пенен тәмийинлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылады;

4. Пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў бойынша исши топары тәрепинен район аймағында жумыс излеўши сыпатында дизимге алынған пуқаралар ушын ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрханалар басшылары жумыссыз деп табылған пуқаралар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын ҳәмде жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинленсин.

5. Шымбай районлық Халық бәнтлигине көмеклесиў орайы (Б.Назаров) ҳәм исши топар усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткизсин ҳәмде орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

6. Шымбай районы ҳәкиминиң 2019-жыл 25-март күнги «Районда 2019-жылда жумыссыз деп табылған пуқараларды жумысқа орналастырыў, жәмийетлик жумысларға қатнастырыў ҳаққында»ғы 1069-санлы шешими («Шымбай ҳаўазы» газетасының 2019-жыл 12-апрель күнги 9(8564)-саны) өз күшин жойытқан деп есаплансын.

7. Усы шешим "Шымбай ҳаўазы" газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

8. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары М.Қулмуратовқа жүкленсин.

9. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Шымбай районы ҳәкими
ўазыйпасын ўақытнша атқарыўшы **У.Қалилаев**

Шымбай районы ҳәкиминиң
2020–жыл 07-февраль күнги
209-санлы шешимине
1-қосымша

Пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў ҳәм шөлкемлестириў бойынша

РАЙОНЛЫҚ ИСШИ ТОПАР ҚУРАМЫ

1.	М.Қулмуратов	-	Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы
2.	Б.Назаров	-	Районлық Халық бәнтлигине көмеклесиў орайының директоры, комиссия хаткери
3	С.Хожаниязов	-	Районлық Экономика ҳәм санаат бөлими бас қәнийгеси, комиссия ағзасы
4.	П.Ибраймов	-	Районлық Қаржы бөлими баслығы
5.	Р.Жумамуратов	-	«Жаслар аўқамы» Шымбай районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
6.	Б.Абдуллаев	-	«Мәҳәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзаларының лаўазымы өзгерген жағдайда, оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.

Шымбай районы ҳәкиминиң
2020-жыл 07-февраль күнги
209-санлы шешимине
2-қосымша

Район аймағында 2020-жылда ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў бойынша қадағалаў көрсеткишлери

Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларда қатнасады				
Соннан				
Жәми	I-шерек	II-шерек	III-шерек	IV-шерек
718	152	396	160	

Шымбай районы хәкиминиң
2020–жыл 07-февраль күнги
209-санлы шешимине
3-қосымша

Район аймағында 2020-жылда шөлкемлестирлетуғын ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумыслар саны, түри ҳәм шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрханалар

Д И З И М И

т/р	Ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестиретуғын кәрхана аты	Жәмийетлик жумысларға қатынасыўшылар		I-шерек	II-шерек	III-шерек	IV-шерек
		саны	Түри				
1	Гүжимли Мәкан пуқаралар жыйыны (кейинги орынларда МПЖ деп жүритиледи)	10	Абаданластырыў	3	4	3	
2	Абат мәкан МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
3	Дослық МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
4	Шахтемир МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
5	Жипек жолы МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
6	К□кши қала МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
7	Қара к□л МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
8	Бердах МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
9	Оржап МПЖ	100	Абаданластырыў	35	55	10	
10	Темир жол гузары МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
11	К□нши МПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
12	Тазғара Аўыл пуқаралар жыйыны (кейинги орынларда АПЖ деп жүритиледи)	10	Абаданластырыў	3	4	3	
13	Кеңес АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
14	Қостерек АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
15	Таза жол АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
16	Тағ жап АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
17	Қамыс арық АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
18	Қызыл □зек АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
19	Бахытлы АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
20	Май жап АПЖ	10	Абаданластырыў	3	4	3	
21	Пәшенттаў АПЖ	100	Абаданластырыў	40	55	5	
22	Район аймағындағы жуўапкершилиги шекленген жәмийетлер ҳәм фермер хожалықларынан келген буйыртпаларына тийкарланып қойылған орынларға.	328	Хызмет көрсетиў	20	210	98	
		718		152	396	170	